



BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan jeung pedaran dina bab saméméhna, bisa dicindekkeun hal-hal saperti ieu di handap.

1. Kamampuh ngaregepkeun sora basa siswa kelas 1 SDIT Ibnu Taimiyah saméméh ngagunakeun média CD multimedia interaktif hasilna masih kurang nyugemakeun. Hal éta bisa dibuktikeun tina skor hasil prétest nu nuduhkeun yén siswa nu dianggap geus mampuh ngaregepkeun sora vokal aya 23 urang siswa atawa 6,9% ti 30 urang jumlah siswa, kalayan peunteun rata-rata 10.
2. Kamampuh ngaregepkeun sora basa siswa kelas 1 SDIT Ibnu Taimiyah sanggeus ngagunakeun média CD multimedia interaktif hasilna nyugemakeun. Hal éta bisa katingali tina skor hasil posttest nu nuduhkeun yén siswa nu geus mampuh ngaregepkeun sora vokal ngaronjat jadi 24 urang siswa atawa 7,2% ti 30 urang jumlah siswa, kalayan peunteun rata-rata 13,8.

3. Aya béda anu signifikan antara hasil prétest atawa kamampuh ngaregepkeun sora vokal saméméh ngagunakeun média pembelajaran CD multimedia interaktif jeung hasil posttest atawa kamampuh ngaregepkeun sora vokal sabada ngagunakeun média pembelajaran CD multimedia interaktif. Bukti ayana béda anu signifikan nya éta tina hasil uji hipotésis anu nuduhkeun yén hasil uji t_{itung} (9,71) leuwih gedé batan t_{tabel} (2,46).

Hartina, yén H_0 (hipotésis kerja) ditarimana nya éta ” Aya béda anu signifikan antara hasil pretést siswa kelas 1 SDIT Ibnu Taimiyah saméméh ngagunakeun média pembelajaran CD multimedia interaktif jeung hasil prosttést siswa sabada ngagunakeun média pembelajaran CD multimedia interaktif kana kamampuh ngaregepkeun.”

5.2 Saran

1. Salianti ngagunakeun média pembelajaran nu geus aya ti heula, guru jeung siswa bisa ogé ngagunakeun média CD multimedia interaktif dina prosés diajar ngajar ngaregepkeun sora basa.
2. Dina ngagunakeun média pembelajaran CD interaktif ieu dipiharep murid ngabogaan kamampuh awal dina ngagunakeun média komputer.
3. Ieu panalungtikan ngeunaan média pembelajaran CD interaktif téh ngan saukur gurat badagna tina pasualan nu kapanggih di lapangan. Panalungtikan anu leuwih jero jeung gemet perlu dilakukeun deui kahareupna.

